# BALALARDA KITAPQUMARLÍQ MÁDENIYATÍN RAWAJLANDÍRÍWDA ShAŃARAQTÍŃ ORNÍ

**Ilyasova Zamira Uzakbaevna –** *assistent oqıtıwshı*
zilasova184@gmail.com
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# РОЛЬ СЕМЬИ В РАЗВИТИИ КУЛЬТУРЫ ЧТЕНИЯ У ДЕТЕЙ

**Ильясова Замира Узакбаевна** – *ассистент преподаватель*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# THE ROLE OF THE FAMILY IN DEVELOPING A READING CULTURE IN CHILDREN

**Ilyasova Zamira Uzakbayevna** – *assistant teacher*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** kitobxonlik, o‘qish madaniyati, ta’lim, axborot madaniyati, innovatsion yondashuv, oila va maktab, raqamli axborot muhit, o‘quvchi, mutolaa, targ‘ibot.

**Rezyume.** Ushbu maqolada kitobxonlik madaniyatining jamiyat va shaxs hayotidagi o‘rni, uni shakllantirishning samarali yo‘llari hamda zamonaviy yondashuvlar yoritiladi. Ta’lim jarayonida o‘quvchilarda kitobga muhabbat uyg‘otish, o‘qish madaniyatini rivojlantirish, oilaviy va maktab muhitining bu boradagi roli muhokama etiladi. Shuningdek, kitobxonlikni targ‘ib etishda axborot-kommunikatsiya texnologiyalari imkoniyatlaridan foydalanish bo‘yicha takliflar beriladi.

**Ключевые слова:** чтение, культура чтения, образование, информационная культура, инновационный подход, семья и школа, цифровая информационная среда, учащийся, чтение, популяризация.

**Резюме.** В данной статье рассматривается роль культуры чтения в жизни общества и личности, эффективные пути ее формирования и современные подходы. Обсуждается роль образовательного процесса в воспитании у учащихся любви к книге, развитии культуры чтения, а также значение семейной и школьной среды в этом аспекте. Кроме того, представлены предложения по использованию возможностей информационно-коммуникационных технологий в популяризации чтения.

**Key words:** reading, reading culture, education, information culture, innovative approach, family and school, digital information environment, student, study, promotion.

**Summary.** This article examines the role of reading culture in society and individual life, effective methods for its formation, and modern approaches. It discusses ways to instill a love for books in students during the educational process, develop reading culture, and explores the role of family and school environments in this regard. Furthermore, the article provides suggestions for utilizing information and communication technologies to promote reading habits.

**Kirisiw.** Házirgi globallasıw hám málimleme texnologiyaları tez rawajlanıp atırğan dáwirde balalardıń kitap oqıwğa bolğan qızıǵıwshılıǵın qáliplestiriw áhmiyetli pedagogikalıq hám sociallıq mashqalalardan biri bolıp esaplanadı.

XXI ásir – texnologiya ásiri. Turmısımızdı zamanagóy texnikalarsız kóz aldımızğa keltire almaymız. Sanlı texnologiyalar adamnıń kúnlik turmısına tereń kirip barıp, balalardıń bos waqtınıń kóp bólegin elektron qurılmalar iyelep atırğanı bárshemizge málim. Ǵalaba xabar qurallarınıń, internet tarmaǵınıń rawajlanıwı nátiyjesinde kitaplarğa, gazeta-jurnallarğa bolğan talap áste-aqırınlıq penen páseyip basladı. Ásirese smartfon, planshet hám kompyuter oyınları balalardıń kitap oqıwğa bolğan qızıǵıwshılıǵınnıń tómenlep ketiwine sebepshi bolıwı múmkin.

Bárshemizge belgili bolğanınday, dúnya júzinde hám ózimiz jasap atırğan aymaqta bolıp atırğan ózgerisler hám jańalıqlardan xabardar bolıw ushın gazeta-jurnallardı izlep júrip, olardıń betlerin ashıp oqıp otırıw zárúrligi az. Ámeldegi zamanagóy texnologiyalar arqalı televidenie, radio, sociallıq tarmaqlar hám internet saytları arqalı jańalıqlardan tez hám qolay túrde xabardar bolıw múmkinshiligine iyemiz. Bul jağday informaciya alıwdıń tezligini arttırğanı menen birge, insaniyattıń kitap oqıw madeniyatın, sonday-aq baspaxanalarğa bolğan múnasibetlerge de belgili dárejede tásir etpekte.

**Tiykarğı bólim.** Ózbekstan Respublikası Prezidentı Sh.M.Mirziyoyev tárepinen 2019-jıl 19-mart kúni «Jaslardıń mánawiyatın arttırıw hám olardıń bos waqtın mazmunlı shólkemlestiriw boyınsha 5 áhmiyetli baslama» boyınsha mámleketlik bağdarlama islep shıǵıldı. Bul bağdarlama jas áwladtıń ruwxıy-ağartıwshılıq hám intellektual rawajlanıwın qollap-quwatlawğa, olarğa qolay shárayit jaratıwğa bağdarlanğan bolıp, jámiyetlik turmısta jaslardıń belsendiligin arttırıwdı názerde tutadı.

Bağdarlamanıń tórtinshi baslaması-jaslar ruwxıylıǵın arttırıw, olar arasında kitapqumarlıqtı keńnen úgit-násiyatlaw boyınsha rejelı jumıslardı shólkemlestiriwge bağdarlanğan.

Insan bilim hám dúnya qarasınıń fundamenti-bul tálim hám tarbiya alğan bilim dargaylarında kitap atlı biybaha baylıǵımız arqalı qáliplesedi. Kitap oqıw prossinde jaslar tek ğana maǵlıwmat alıp ğana qoymastan, ruwxıy sanasında marallıq ádep-ikramlılıq qádiriyatlardı hám erkin pikirley alıw qábiletlerin, jámiyette orın taba biliw sıyaqlı sezimleri de qáliplestiredi.

Sonlıqtanda Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyevtiń tómendegi pikirlerin keltirip ótiw maqsetke muwapıq: «Kitapsız rawajlanıwğa, joqarı ruwxıylıqqa erisip bolmaydı. Kitap oqımağan adamnıń da, millettiń de keleshegi joq» [1]. Mámleketimiz basshısı kitapqumarlıqtı rawajlandırıw boyınsha ilgeri súrgen baslamaları bağdarında pedagoglar, ata-analar hám kitapxana xızmetkerleri aldına jańa wazıypalardı qoyadı.

Baslawısh tálim basqıshı-balanıń dıqqat, oylaw, qıyal, qabıl etiw, este saqlaw sıyaqlı biliw prosessleri rawajlanıp, shaxs sıpatında qáliplesiwinde eń áhmiyetli dáwir bolıp

esaplanadı. Bul dáwirde balalarda kitapqumarlıq mádeniyatın qáliplesthiriw ushın eń áhmiyetli basqısh bolıp, oqıwǵa, bilim alıwǵa hám kitapqa bolǵan múnásibetke tiykarları qoyıladı. Eger ósip kiyatırǵan jas áwlad jaslıǵınan baslap kitaptı dos sıpatında qabıl etse, keyingi bilimlendiriw basqıshlarında da óz betinshe oqıwǵa umtılıw kúshli boladı.

Mektep bilimlendiriwi bul processte jetekshi orın tutqanı menen, balada kitapqumarlıq mádeniyatınıń dáslepki tiykarları eń dáslep shańaraqta qáliplesedi. Bala ómirinde kórgen, kúndelikli turmısta baqlaǵan ádetlerdi tez qabıl etedi, sol sebepli ata-ananıń kitapqa bolǵan múnásibeti, óz shańaraǵında oqıwǵa jaratılǵan imkaniyatlar ortalıǵı, shańaraq aǵzalarınıń birgelikte kitap oqıw ádetleriniń bar bolıwı balanıń kitap oqıwǵa qızıǵıwına, kónlikpe hám mádeniyattıń qáliplesiwine úlken tásir kórsetedi. Sol sebepli mektep oqıwshıların kitap oqıwǵa qızıqtırıwda shańaraqtıń roli ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp, mektep hám ata-ana ortasındaǵı úzliksiz baylanıs oqıwshınıń kitapqumarlıq kónlikpeleriniń arttırıwda jetekshi faktor retinde qaraladı.

Kitap jas áwladtıń sana seziminiń, dúnyaǵa kózqarası aqıl oy pikiriniń rawajlanıwına eń qolay hám nátiyjeli quralı bolıp, ol adamnıń sezim-tuyǵısı, ádep ikramlılıq paziyleti, ruwxıy dúnyasına, biliw procesi hám individual ózgesheliklerine tikkeley tásir kórsetedi. Ásirese, óspirimlik dáwirinde, yaǵnıy shaxs sıpatları qáliplesiw procesinde kitaptıń tárbiyalıq áhmiyeti oǵada ullı.

Ózbekstan Qaharmanı, qaraqalpaq xalqınıń belgili jazıwshısı T.Qayıpbergenov óziniń “Qaraqalpaqnama” roman-essesinde kitaptıń adamzat turmısındaǵı ornın joqarı bahalap, filosofiyalıq pikirdi bildirgen: “Adamzat ushın eki quyash bar: birinshisi – tábiyiy quyash, yaǵnıy kún; ekinshisi – ruwxıy quyash, yaǵnıy kitap. Kún bolmasa, ómir joq. Kitap bolmasa, tiriler máńgige keselge uqsap qalar edi” [2]. Bul pikir, kitaptıń, adamnıń ruwxıy qáliplesiwinde, dúnya qarasınıń bayıwında hám jámiyetlik sananıń rawajlanıwında áhmiyetli orın iyeleytuǵınlıǵın ańlatadı.

Demek, kitap – tek ǵana bilim qaymaǵı emes, al shaxs hám jámiyet turmısına baǵdar beriwshi ruwxıy kúsh retinde qaraladı. Kitap oqıwǵa qızıǵıwshılıqtı erte jastan rawajlandırıw balalardıń sóz baylıǵın arttıradı, pikirlewdi keńeytedi hám olardıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq jetilisiwine unamlı tásir kórsetedi.

Kitap oqıw shaxs rawajlanıwına hár tárepleme tásir etedi hám de bir qatar jetiskenliklerge alıp keledi. Ásirese, ilimpaz A.Muxsieva pikirinshe kitap oqıw nátiyjesinde:

1. Balalar turmıstı hám onıń mazmunın erte túsiniwge baslaydı;
2. Hár túrli turmıslıq jaǵdaylarda durıs sheshim qabıllaw, haqıyqıy jol tutıw kónikpelerine iye boladı;
3. Olardıń analizlew hám óz betinshe erkin pikirlew qabiletleri rawajlanadı;
4. Jámiyet tárepinen tán alınǵan ádep-ikramlılıq normaları menen tanısıp, olardıń sociallıq áhmiyetin durıs bahalawdı úyrenedi;
5. Shıǵarma qaharmanları mısalında haqıyqat hám ádalatsızlıq, erkinlik hám qısım, jaqsılıq hám jawızlıq, jaqsı hám jaman, aq hám qaranıń mánisin ańlaw arqalı ózlerinde belgili ádep-ikramlılıq sıpatlardı qáliplestiredi [3].

**Kitap** – biziń eń jaqsı dostımız. Kitap oqıǵan bala kóp nárse úyrenedi, aqıllı hám tárbiyalı bolıp ósedi. Eger kitapqa degen qumarlıq balalıqtan baslansa, bala dúnyanı jaqsı kóz benen kóredi, átiraptaǵı gózzallıqtı sezinedi.

Ata-babalarımız kitapqa úlken húrmet penen qarap, onı asırap-saqlap kelgen. Sol sebepli kitap – barlıq bilimniń kózi, ilimniń bay ǵázinesi bolıp esaplanadı.

Ózbekstan Qaharmanı, Qaraqalpaq xalqınıń belgili ullı shayırı Ibrayım Yusupov kitapqa degen úlken húrmetin óz qosıqlarında da bayanlap bergen:

Kitap tekshesine túskende kózim,
Hár úyden quwanıp shıǵaman ózim.
Xalıq altınǵa qaplap Berdaqtıń sózin,
Qosıq etip aytar jurgen jerlerde [4].

degen tereń mánige iye qatarlar arqalı qaraqalpaq xalqınıń kitapqa degen húrmet hám itibarın sáwlelendiw menen birge kitaptıń insan ómirinde quwanısh dáregi, bilimge jeteklewshi biybaha ruwxıy baylıq ekenin ayqın kórsetedi.

Hár bir shańaraqta kitap oqıwǵa qolaylı bolǵan imkaniyatlar jaratılıwı balanıń kitapqa bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttıradı. Bala jasına sáykes, túrli hám qızıqlı kitaplar usınılwı, onda kitap oqıwǵa mehri payda boladı. Bundan tısqarı, balanı kitap dúkanları hám kitapxalar menen tanıstırıw, jańa kitap satıp alıwǵa ádetlendiriw onıń kitapqa bolǵan húrmetin hám súyispenshiligin oyatadı. Sonday-aq, balanıń ózi tańlaǵan kitapti oqıwı arqalı óz betinshe erkin pikirley alıw qábileti rawajlandıradı.

A.V.Avdieva hám M.V.Molkovanıń pikirinshe, baslawısh klass oqıwshılarınıń kitap oqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵın tómendegi kórsetkishler tiykarında anıqlaw hám bahalaw múmkingin tómendegishe keltirip ótken:

1. Kitapqumarlıq iskerligine unamlı qatnas jasaw (máselen, «kitap oqıwdı jaqsı kóremen»);
2. Anıq, ózine unaytuǵın kitaplardı oqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıq («mine usı kitaplardı oqıwdı unataman»);
3. Oqw procesinen zawıq alıw («kitaptı qoldan jibergim kelmeydi»);
4. Kitaptan alınǵan tásirlerdi basqalar menen bólisiwge umtılıw («basqalar da bul kitap haqqında biliwin qáleymen») [5].

Xalqımızda «Kitap-bilim bulaǵı» degen danalıq naqıl biykar aytılmaǵan. Haqıyqatında da, kitaptı qayta-qayta oqıw arqalı onıń mazmunın tereń túsinilip, oqıwshınıń dúnyaqarası tereńlesedi hám oylaw sheńberi keńeyedi.

Prezidentimiz Sh.Mirziyoyev 2020-jıl, 20-fevral kúni Ankara qalasında Túrkiya Respublikası Prezidenti janındaǵı Xalıq kitapxanasınıń ashılıw máresiminde qatnasıp, bahalı pikir bildirgen: «Dúnyadaǵı hár bir mámleket, hár bir xalıq birinshi gezekte óziniń intellektuallıq potencialı, joqarı ruwxıylıǵı menen qúdiretli. Bunday jeńilmes kúsh dáregi bolsa bárinen burın, adamzat oy-pikiriniń ullı oylap tabılıwı - kitap hám kitapxanalarda» [6].

**Juwmaq.** Kitap insannıń aqıl-oyın bayıtıp, onıń ruwxıy jetilisiwine, morallıq-etikalıq qásiyetleriniń qáliplesiwine tikkeley tásir jasaytuǵın, pikirlewdiń qanatı bolıp esaplanatuǵın áhmiyetli tárbiyalıq qural. Shańaraqta jaratılǵan ruwxıy salamat ortalıq, ata-ananıń jeke úlgisi, sonday-aq mektep penen birgelikte alıp barılatuǵın tálim-tárbiyalıq is-hárketler balada turaqlı kitapqumarlıq mádeniyatınıń qáliplesiwine tikkeley xızmet etedi. Sol sebepli jámiyette kitapqumarlıqtı rawajlandırıw hám oqıw mádeniyatın jetilistiriwge qaratılǵan hár qanday jumıstı shańaraqtıń tárbiyalıq imkaniyatları menen únles halda shólkemlestiriw úlken áhmiyetke iye.

**Ádebiyatlar**

1. Mirziyoyev Sh.M. Буюк келажагимизни мард ва олийжаноб халқимиз билан қурамиз. – Тошкент: «Ўзбекистон», 2017.
2. Қайыпбергенов Т. Қарақалпақнама. Роман-эссе. (жас өспиримлер ушын). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1998.
3. Muxsieva A. Shańaraq pedagogikası. – Toshkent: «Yangi avlod matbaa», 2021.
4. Юсупов И. Шығармаларының еки томлығы II том (Қосықлар ҳәм поэмалар). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979.
5. Muminova D. Boshlang'ich sinf o'quvchilarida kitobxonlik ko'nikmalarini rivojlantirish metodikasi. Monografiya. – Namangan: Наманган давлат университети, 2019.
6. Mirziyoyev Sh. Har qaysi davlat, har qaysi xalq intellektual salohiyati, yuksak ma'aviyati bilan qudratlidir. https://uza.uz/oz/politics/shavkat-mirziyeev-ar-aysi-davlat-ar-aysi-khal-intellektual-s-20-02-2020